



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE FBI POU MENNEN ANKÈT SOU VIDEYO AK RAPO
SOU VYOLANS PROUD BOYS**

***Odone Inite Krim Rayisab Polis Eta a pou Kowòdone ak Envestigasyon
FBI epi NYPD***

***Pou Rapòte Enfòmasyon Enpòtan pou Envestigasyon oswa Ensidan Paspouki ak
Diskriminasyon, Kontakte [1-888-392-3644](tel:1-888-392-3644)***

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande FBI pou lanse yon investigasyon pou ensidan ki te enplike gwoup 'Proud Boys' apre videyo twoublan ak rapò sou vyolans manb gwoup la nan Vil New York pandan wikenn nan. Southern Poverty Law Center rele Proud Boys (gason ki fyè yo) yon gwoup rayisab. Gouvènè a òdone Inite Krim Rayisab Polis Eta a (State Police Hate Crimes Unit) pou kowòdone ak FBI ak NYPD pou fè bon jan investigasyon sou ensidan sa yo ak nenpòt zak vyolans anplis oswa diskriminasyon gwoup sa yo fè atravè eta a. Yo ankouraje moun New York kontakte [1-888-392-3644](tel:1-888-392-3644) si yo genyen enfòmasyon enpòtan pou investigasyon an oswa pou rapòte ensidan paspouki ak diskriminasyon.

“An rezime mwen rann Prezidan an responsab pou dyabolize diferans yo, kote l ap mete gaz sou dife rasis ak divizyon epi kreye yon dife rayisab ak vyolans”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Vye zak rasis, divizyon ak diskriminasyon sa yo bay repiyans parapò ak valè Ameriken yo, epi yo pa genyen plas yo nan eta nou an. Poukisa klèb sa a te envite Proud Boys, yon gwoup rayisab ki gen istwa nan ensite fè zak vyolans? Eske w panse yo gen yon kontribisyon pozitif nan dyalòg politik la nan moman sa a?”

An plis, Inite Krim Rayisab Polis Eta a pral pataje enfòmasyon ak resous ki soti nan Sant Entelijans Eta New York lan (New York State Intelligence Center) ak NYPD epi FBI. Antan ke sant fizyon Eta a, Sant Entelijans Eta New York lan sèvi kòm yon repètwè entelijans kriminèl nan tout eta a, ki gen ladan enfòmasyon sou krim rayisab yo. Lapolis Eta a pral ofri aksè adisyonèl a resous sa a pou ke fòs lapolis lokal yo ka itilize resous entelijans entansif yo ke Eta a gen pou ofri.

Nou ankouraje Nouyokè ki fè eksperyans patipri oubyen diskriminasyon yo rele nan liy ijans gratis lan nan [\(888\) 392-3644](tel:888-392-3644) soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. Lendi-Vandredi oswa tèks “HATE” nan 81336. Nenpòt moun ki kwè yo te viktim yon krim oswa twouve yo an danje

imedya ta dwe konpoze 911. Eta a ap ofri yon prim 5,000 dola pou enfòmasyon ki ede lakoz arestasyon ak kondanasyon yon krim lahèn.

Gouvènè Cuomo te kreye [Fòs Entèkansyon sou Krim Rayisab yo \(Hate Crimes Task Force\)](#) an 2017 pou konbat ogmantasyon nan rapò sou menas ki motive pa prejije yo, asèlman ak vyolans yo atravè Eta New York. Fòs Entèkansyon an, ki jere pa Lapolis Eta New York lan, te travay ak lidè konte yo, pwokirè distrik yo, lidè distrik eskolè yo, depatman lapolis lokal yo ak lòt pati konsène enpòtan yo pou idantifye epi mennen ankèt sou krim rayisab ki motive yo ak tandans ki gen rapò ak prejije, vilnerabilite kominote yo ak pratik diskriminatwa yo.

Konfòmeman ak lwa eta a, yon moun komèt yon krim laèn lè li poze yon zak, pami yon seri zak byen spesifik, ki vize viktim lan akòz yon pèsesyon oubyen yon kwayans sou ras, koulè, orijin, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijyon, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl li, oubyen lè zak ki poze a se rezilta kalite pèsesyon oubyen kwayans sa. Yo ka poze krim lahèn kon yon moun oubyen kont yon gwoup moun oubyen kont pwopriyete prive oswa piblik. Epitou, dapre lalwa, li ilegal pou fè diskriminasyon sou baz ras, orijin nasyonal, relijyon, etnisite oswa plizyè lòt klasifikasyon ki pwoteje.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)